



Pou Piblikasyon Imedya: 28/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM LAÈN NAN LAPOLIS  
ETA A LÒD POU YO EDE NAN KAD ANKÈT Y AP MENNEN SOU YON ATAK  
ANTI-SEMIT KI TE FÈT NAN BROOKLYN**

"Sa vrèman revòltan anpil pou m aprann atak vyolan yo te fè sou yon gason jwif asidik nan Lincoln Terrace Park nan Brooklyn. Malerezman ensidan sa a se jis yon lòt ensidan pami yon bann seri atak anti-semit orib k ap fèt toupatou nan eta ak nan peyi a - yon eleman nan kansè divizyon ak laèn ke yo te enjekte nan kò politik nasyon sa a.

Nan New York, nou gen zewo tolerans pou vyolans ke entolerans ak laèn motive sou tout fòm, epi m ap bay Fòs Entèvansyon sou Krim Laèn Lapolis Eta a (State Police Hate Crimes Task Force) lòd pou yo bay Lapolis Vil New York la (New York City Police Department, NYPD) nenpòt resous ki nesesè pou yo mennen ankèt sou ensidan sa a epi tradui moun ki responsab la lajistis.

N ap kole zepòl ansanm ak kominote jwif la - ak nenpòt lòt kominote vye zak orib sa yo sible - epi kèlkeswa sa k rive n ap toujou rete fidèl a prensip nou yo ki se diyite ak respè pou tout Nouyòkè".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)